

HRA HOME-Pwogram Èd nan Lwaye ki baze sou Lokatè Fèy Enfòmasyon

Jiyè 2015

Kisa Pwogram Èd pou Lwaye ki Baze sou Lokatè H R A HOME [Tenant-Based Rental Assistance (TBRA)] ye?

HRA HOME TBRA se yon pwogram èd pou lwaye Depatman Lojman ak Devlopman Iben [Department of Housing and Urban Development (HUD)] Etazini finansè anba sipèvizyon Depatman Konsèvasyon ak Devlopman Lojman [Housing Preservation and Development (HPD)]. HRA HOME TBRA pral ede fanmi ki kalifye nan abri epi ki sanzabri nan lari yon jan kwonik jwenn mwayen pou peye lwaye yo. Pa gen ase finansman, poutèt sa se pa tout fanmi ki nan abri oswa moun ki sanzabri nan lari ki satisfè règ pou kalifye yo k ap kapab resevwa èd nan lwaye anba pwogram sa a.

Kijan pwogram nan fonksyone?

Anba pwogram HRA HOME TBRA, anjeneral fanmi yo ap peye 30% revni ajiste yo nan lwaye pou apatman ki apwouve a epi sibvansyon HOME TBRA ap peye rès la. "Revni ajiste" vle di revni yon fanmi apre dediksyon yo aksepte anba pwogram nan. **Fanmi yo ap gen jiska 9/03/2015 pou yo remèt yon aplikasyon pou pwogram HOME.** HRA ap mete tout aplikasyon yo nan yon tiraj-osò epi y ap revize aplikasyon yo pou yo kapab fè seleksyon nan tiraj-osò a. Apeprè 1,200 moun ki aplike ki kalifye pral resevwa kupon HOME. Apre nou distribye tout kupon yo, n ap mete rès fanmi ki kalifye yo sou yon lisdatant.

Koupon HRA HOME TBRA ap pèmèt fanmi yo chèche yon apatman ki kalifye. Nan yon "ti reyinyon pou bay enfòmasyon," HRA ap fè chèf fanmi an konnen règ pwogram nan ak responsablite yo anba pwogram HOME TBRA epi y ap bay chèf kay la yon Gwoup Dokiman Mèt Kay la, ansanm avèk kupon yo. Fanmi an pa kapab jwenn yon apatman deyò senk (5) minisipalite Vil New York. Lè fanmi an jwenn yon apatman, yo dwe ranpli yon Gwoup Dokiman Mèt Kay la pou mande apwobasyon pou apatman an. Apatman an dwe pase yon Enspeksyon Estanda Kalite Lojman [Housing Quality Standards (HQS)].

Kimoun ki kalifye pou HOME TBRA?

Pou kapab kalifye pou HOME TBRA, fanmi ou dwe:

- Swa mete omwen de (2) moun oswa yon fanm ansent k ap viv nan yon Depatman Sèvis pou Sanzabri [Department of Homeless Services (DHS)] Vil New York oswa nan abri HRA OSWA dwe Sanzabri nan Lari yon Fason Kwonik (yon moun ki sanzabri nan lari yon fason kwonik se yon moun DHS te idantifye kòm swa yon moun k ap viv nan lari oswa ki t ap viv nan lari pandan nèf (9) mwa nan dènye vennkat (24) mwa yo oswa k ap viv nan yon lojman pwoteje DHS oswa ki gen yon kabann estabilizasyon DHS.)
- Gen revni fanmi ou ki pa depase 60% Revni Medyan Zòn nan [Area Median Income (AMI)] (AMI se revni medyan fanmi pou Vil New York. Pa egzanp, 60% AMI pou yon fanmi ki gen de (2) moun se \$41,460 dola)
- Gen omwen yon moun nan fanmi an k ap resevwa avantaj asirans pou andikap nan sekirite sosyal, avantaj pou laj avanse, avantaj asirans sivivan, oswa revni sekirite anplis.
- T ap viv nan abri pandan plis pase 120 jou apati dat limit pou remèt aplikasyon an (sof pou moun ki Sanzabri nan Lari yon Fason Kwonik).

Kijan fiti lokatè yo kapab aplike?

HRA ap voye aplikasyon yo ba fanmi ki ka vin kalifye pou pwogram nan dapre enfòmasyon yo bay nan DHS ak HRA. Fanmi yo, fanmi adilt yo, oswa moun ki sanzabri nan lari yon fason kwonik ki pa t resevwa yon aplikasyon nan HRA kapab mande yon aplikasyon tou nan abri oswa travayè èd yo.

Pou konbyen tan yon Koupon HOME TBRA ap valab?

Yon Koupon HOME TBRA valab pou 120 jou (prèske kat mwa). Fanmi an dwe jwenn yon apatman nan Vil New York epi yo dwe remèt yon Gwoup Dokiman Mèt Kay la nan fen peryòd 120 jou a. Si kupon ekspire, fanmi an ka jwenn plis tan pou fè rechèch la pou rezon valab akòz difikilite oswa pou lòt rezon.

Kijan yon fanmi ki gen yon kupon ap jwenn yon apatman epi siyen yon kontra lwaye?

Lè fanmi an resevwa yon kupon HOME TBRA, espesyalis lojman abri a oswa responsab dosye a ap ede yo konekte avèk mèt kay yo ak koutye yo. Koupon an ap gen ladan yon "gwosè apatman," dapre kantite moun ki nan fanmi ou ak pri maksimòm lwaye pou gwosè apatman an. Lè fanmi an jwenn yon apatman, travayè abri a ap travay avèk koutye a oswa mèt kay la pou mande yon pou HPD fè yon enspeksyon Estanda Kalite Lojman epi pou soumèt Gwoup Dokiman Mèt Kay la.

Si apatman an pase enspeksyon HQS epi si HRA apwouve apatman an, HRA ap travay avèk DHS pou pwograme siyati kontra lwaye a. Lokatè a ap siyen yon kontra lwaye avèk a avèk koutye a oswa mèt kay la nan 109 East 16th Street nan Manhattan. Lokatè a ka kalifye pou resevwa yon alokasyon pou mèb epitou lokatè a ta dwe travay avèk responsab dosyeabri a pou jwenn èd pou demenajman.

Yon fanmi ki jwenn yon apatman san èd yon travayèabri ta dwe fè travayèabri a konnen sa touswit pou yo kapab fè yon enspeksyon epitou pou mèt kay la kapab resevwa dokiman pwogram nan.

Tanpri sonje mèt kay yo pa gen pèmisyon pou yo fè ou peye okenn frè ki pa sa ki endike legalman nan kontra lwaye a. Fanmi yo pa ta dwe dakò pou okenn akò sou kote epitou yo ta dwe fè DHS ak HRA konnen nenpòt demann konsa touswit depi yo rele nimewo 929-221-0043.

Pou konbyen tan lokatè a ap resevwa HOME TBRA?

Menm jan ak yon kupon Seksyon 8, nou kapab renouvle yon kupon HOME TBRA chak ane depi lokatè a toujou kalifye epitou depi finansman federal pou pwogram nan rete disponib.

Ki kantite lajan èd pou lwaye ki disponib epi ki kantite lajan lokatè a ap gen pou peye nan lwaye a?

Pri lwaye maksimòm nan oswa "estanda pri lwaye" pou chak fanmi ap depannde kantite moun ki nan kay la. Estanda Pri Lwaye, ki gen ladan chofaj ak dlo cho, endike nan tablo ki anba la a.

Kantite moun ki nan Fanmi an	Gwosè Apatman	Estanda Lwaye
1	SRO/Estidyo	\$942 (SRO) \$1,256 (Estidyo)
2	1	\$1,312
3 oswa 4	2	\$1,555
5 oswa 6	3	\$1,999
7 oswa 8	4	\$2,241
9 oswa 10	5	\$2,577
11 oswa 12	6	\$2,913
13 oswa 14	7	\$3,249

Gwosè apatman an, epi poutèt Estanda Pri Lwaye a, ka chanje si kantite moun ki nan kay ou chanje (ogmante oswa diminye) pandan pwogram nan. HRA ap kalkile kotizasyon lokatè a nan peman lwaye a, k ap pi gwo nan chwa ki endike anba la yo:

- 30% revni ajiste fanmi an pa mwa;
- 10% revni fanmi an anvan dediksyon pa mwa;
- Alokasyon èd piblik pouabri (pòsyon sibvansyon èd piblik Eta New York ki la sitou pou pri lojman; oswa
- \$50.

N ap fikse kantite lajan sibvansyon HOME TBRA apre HRA apwouve yon apatman. Kantite lajan sibvansyon an ap reprezante diferans ant kotizasyon lokatè a ak tout pri lwaye a.

Èske sèvis piblik yo nan pri lwaye a?

Chofaj ak dlo cho dwe fè pati nan pri lwaye a. Lokatè a ap responsab pou elektrisite ak gaz pou kwit manje.

Egzanp HOME TBRA

Egzanp: Ou se manm nan yon fanmi ki gen de (2) moun. HRA ap peye yon apatman ki gen yon chanm epi ki koute \$1,312 dola pa mwa. Si revni ou se \$1,000 dola pa mwa epi si pri lwaye ou pou yon apatman ki gen yon chanm se \$1,312 dola (pri lwaye maksimòm nan) HRA ap kalkile 30% revni ou kòm \$300 dola ou ta dwe peye nan pri lwaye a. HRA ap peye mèt kay ou \$1,012 dola (pri lwaye \$1,012 mwens kotizasyon \$300 dola nan pri lwaye a).

Ki èd lokatè yo ak mèt kay yo kapab resevwa apre kontra lwaye a kòmanse?

Gen sipò ki disponib pou lokatè ak mèt kay yo nan pwogram nan. Rele 311 pou mande pou pwogram Prevansyon Sitiyasyon Sanzabri Homebase ki toupre ou.

Enfòmasyon ki nan tiliv sa a bay yon deskripsyon debaz pwogram H R A HOME TBRA. Li pa la pou bay tout detay sou pwogram nan.